

BILTEN NOUVÈL LEKÒL *ADULT EDUCATION CENTER* 2018 – 2019

2161 N MILITARY TR., WPB, FL 33409 • (561) 616-7800 FAX (561) 616-7850 • WWW.THEADULTEDCENTER.COM



Misyon

Misyon *Adult Education Center* (Sant Edikasyon Adilt) se asire opòtinite pou tout elèv epi konesans ak devlope aptitud pou reyisi nan lavi ak nan travay.

The Adult Education Center se yon lekòl piblik. Pwogram *Adult Education* yo ekzije nòt ekzamen espesifik pou admisyon. Ekzamen antre itilize estrikteman pou plasman ak endividalize plan pou aprantisaj.

Enskripsyon

AEC fè enskripsyon pandan chak twa tèm yo. Yo mande pou chak nouvo elèv pran yon tès pou plasman avan pou yo antre nan klas. Pou enskri pou tès, elèv dwe pran yon randevou an pèsòn, ansuit prezante yon pyès idantifikasyon gouvènmantal ofisyèl. Yo bay tès nan maten, apremidi ak aswè.

Tèm Akademik yo

13 out—14 desanm

8 janvye—18 avril 2019

22 avril—3 jiyè 2019

Ofis Konseye Akademik

Konseye yo ofri elèv konsèy nan domèn akademik, karyè ak pèsònèl pou ede yo tabli objektif sou karyè ak edikasyon yo. Yo refere elèv yo nan pwogram edikasyon apre klas segondè ki apwopriye epi yo ofri enfòmasyon jeneral pou èd finansye pou kolèj diran orè nòmal lekòl.

Sant Medya

Sant Medya a ofri materyèl ki sipòte kourikoulòm pou lekòl. Gen liv ki disponib pou enfòmasyon oswa pran plezi nan lekti. Liv nivo ba ak gran enterè pou lektè debitan ansanm avèk liv ki gen anrejistremant sou tep yo disponib pou elèv kapab prete. Travay referans kapab fèt sou konpitè, oswa avèk materyèl referans sou etajè yo.

Rick Swearingen
Direktè

Anderson Louis
Espesyalis nan enstriksyon

Stuart Mears
Asistan Direktè - Aswè

Ki moun pou w Rele

Pou enfòmasyon sou klas *ESOL*, *GED*, *ABE* oswa *AHS*, rele (561) 616-7800 oswa vini nan *Adult Education Center*. Ou kapab vizite tou paj nou an [website](#).

Orè Ofi nou

Sant la gen klas lajounen ak aswè tout ane a.

Lendi jiska jedi 8:00
AM jiska 8:00 PM

Vandredi
8:00 AM jiska 3:30 PM

Orè pou Klas ESOL

Lajounen
Lendi jiska vandredi
8:30 jiska 11:00 AM
11:30 jiska 2:00 PM

Aswè
Lendi jiska jedi
6:00 jiska 8:30 PM

Orè pou Klas GED-ABE

Lajounen
Lendi jiska vandredi
8:00 jiska 10:30 AM
11:00 jiska 1:30 PM

Aswè
Lendi jiska jedi
6:00 jiska 9:00 PM

Sant Pwofesyonèl/Karyè (*Career Center*)

Sant Pwofesyonèl/Karyè ofri elèv resous, sèvis ak klas pou estimile siksè yo an jeneral nan devlopman abiltè pou travay ak planifikasyon pou karyè yo.

8:00 AM pou 3:00 PM lendi jiska vandredi

Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang

Klas ESOL yo ofri ansèyman pou adilt k ap aprann Anglè kòm dezyèm/ lang adisyonèl. Klas yo kòmanse depi nan ansèyman nivo debitan jiska nivo avanse.

Edikasyon Jeneral

Edikasyon Fondamantal pou Adilt [Adult Basic Education (ABE)]

Klas ABE yo anseye alfabetizasyon fondamantal ak teknik lavi chak jou pou adilt k ap fonksyone nan nivo 8^{yèm} ane oswa pi ba pou prepare yo pou klas GED.

Evalyasyon Jeneral nan Edikasyon *General Education Development (GED)*

Klas preparasyon pou GED yo ofri ansèyman pou adilt k ap fonksyone nan nivo 9^{yèm} ane oswa pi ba yo. Pase tès GED bay adilt yo opòtinite pou dekwoche yon Diplòm Segondè nan Eta Florid. Nan GED a genyen senk tès: Matematik, Disètasyon, Lekti ak Syans Sosyal.

Adilt nan Lekòl Segondè

Elèv k ap cheche pran yon diplòm nòmal lekòl segondè nan Rejyon Palm Beach bezwen 24 kredi, yon mwayèn jeneral 2.0 (*GPA*). Elèv ki kite lekòl segondè ofisyèlman kapab ale pou diplòm segondè sou entènèt atravè yon Akademi Vityèl pou Adilt. Yo kapab enskri la a epi akimile jiska 6 kredi.

Ekolaj ak Frè Elèv la Peye

Enfòmasyon enpòtan: Dapre Nouvèl Lwa Eta a ekzije ki te antre an vigè 1^{ye} jiyè 2011, genyen yon frè pou ekolaj pou Pwogram Edikasyon pou Adilt la. Sa enkli Lekòl Segondè pou Adilt, *ABE/GED*, *ESOL* ak Pwogram Alfabetizasyon pou Fanmi. Frè yo ap kouvri tout klas yo diran tèm nan. Frè ekolaj la se \$30 pou chak tèm. Frè sa a pa aplike pou Lekòl Segondè Adilt ki anwole anmenmtan nan pwogram ratrapaj kredi pou elèv. Y ap chaje elèv yo \$5 chak tèm pou yon pyès Idantifikasyon ki obligatwa.

The AEC

- Orè Fleksib
- Konsèy sou Akademik ak Karyè
- Teknik pou Jwenn ak Rete nan Travay
- Objektif pou Aprantisaj Endividiyèl
- Aprantisaj avèk Èd Konpitè
- Fakilte Ekselan

Dat	Jou Konje	Dat	Jou Konje
4 jiyè 2018	Fèt Endepandans	24 des.—7 jan. 2019	Vakans Nwèl
3 sep. 2018	Fèt Travay	8 jan. 2019	Tèm Ivè Kòmanse pou Adilt
10 oct. 2018	Jou Konje	21 jan. 2019	Fèt Nesans MLK
19 oct. 2018	Jou Konje	18-22 mas. 2019	Vakans Prentan
19-23 nov. 2018	Konje <i>Thanksgiving</i>	19 avril 2019	Jou Konje Prentan
14 des. 2018	Fen Tèm Otòn pou Adilt	22 avril 2019	Tèm Ete pou Adilt Kòmanse
17-21 des 2018	Pa gen Lekòl pou Elèv Adilt	27 me 2019	Jou Memorab

